



PEMERINTAH KABUPATEN JOMBANG
DINAS PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
SDN PESANGRAHAN

**UJIAN SEKOLAH DASAR
TAHUN PELAJARAN 2022/2023**

MATA PELAJARAN	
Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa

WAKTU PELAKSANAAN	
Hari/Tanggal	: Senin, 22 Mei 2023
Pukul	: 120 menit

Nama :	No Ujian :
--------	------------

Ketik Ulang Pernyataan berikut pada kolom yang telah disediakan :

"SAYA BERJANJI AKAN MENGERJAKAN SOAL US INI DENGAN JUJUR DAN SINGGUH-SINGGUH"

I. Pilihlah wangsulan sing paling bener!

- Pilihan kata ing geguritan iku diarani ...
 - puisi
 - tembang
 - diksi
 - guru swara
- Kang kalebu tembang macapat yaiku .
 - Bengawan solo
 - Dandanggula
 - Padang Bulan
 - Jaranan
- Ukara ing ngisor iki kang mujudake ukara basa jawa krama alus yaiku
 - Bapak kalih ibu nedha sekul lodheh, kula nedha sekul pecel.
 - Bapak kaliyan ibu dhahar sekul lodheh, kula dhahar sekul pecel.
 - Bapak kaliyan ibu dhahar sekul lodheh, dalem dhahar sekul pecel.
 - Bapak kaliyan ibu dhahar sekul lodheh, kula nedha sekul pecel.
- Fabel iku nyritaake ...
 - Kewan-kewan sing iso ngomong

- B. Asal mula panggonan
 - C. Cerita pahlawan
 - D. Cerita peri lan dew-dewi
5. Wacanen teks ing ngisor kanthi premati!
- Panguripan ing ngendhi wae mesthi mbutuhake oksigen. Ora mung manungsa, kewan uga butuh oksigen supaya paru-parune sehat. Kang bisa mrodhuksi oksigen yaiku tanduran sing subur. Ukara inti paragraf ing dhuwur kang bener yaiku
- A. ora mung manungsa, kewan uga butuh oksigen
 - B. oksigen bisa nyehatake paru-paru
 - C. tanduran kang mridhuksi oksigen
 - D. panguripane ing ngendi wae mesthi mbutuhake oksigen
6. Teks kang ngandarake fakta, kamomot ing media cetak lan elektronik, isine kedadayan utawa prastawa kang lagi dadi omongan, diarani teks
- A. persuasi
 - B. slogan
 - C. pawarta
 - D. pariwisata
7. Tembang kang isine rupo wejangan/ nasehat kanggo bocah cilik/wong enom diarani
- A. Sinom
 - B. Pangkur
 - C. Dhandanggula
 - D. Kinanthi
8. Guru gatra yaiku cacah larik saben sapada.
- Cacah guru gatra ing tembang Pucung yaiku
- A. 7
 - B. 6
 - C. 5
 - D. 4
9. Unen-unen kang ajeg panganggone lan ngemu teges wantah diarani ...
- A. bebasan
 - B. saloka
 - C. paribasan
 - D. ukara jawa
10. Sing kalebu saloka yaiku ...
- A. Criwis cawis
 - B. Mubra-mubru mblabur madu
 - C. Ing ngarsa asung tuladha
 - D. Emprit abuntut bedug
11. Withoyung kalebu
- A. cangkriman awujud pepindhan
 - B. cangkriman awujud blenderan
 - C. cangkriman sinawung ing tembang
 - D. cangkriman awujud wacahan

12. Cangkringan ing ngisor iki kalebu cangkringan pepindhan yaiku ...

- A. ana gajah numpak becak
- B. ana bakul tempe ditaleni
- C. rangsiyu, muksitu
- D. Mbah demang klambi abang disuduk mantuk-mantuk

13. Sesorah sing nggawa naskah diarani metode ...

- A. Naskah
- B. Impromptu
- C. Memoriter
- D. Apalan

14. Salah sijine manfaat sesorah yaiku ...

- A. Ngenalne sing bakal tampil ing panggung
- B. Nyampekne hukuman marang penonton
- C. Nyampekne informasi marang penonton
- D. Maringi hiburan marang penonton

15. Sing klebu cangkringan plesetan yaiku

- A. Yumaerong
- B. Adoh-adoh diparani, bareng wis tekan diliwati
- C. Segara beldes
- D. Sega sakepel dirubung tinggi

16. *Wacanen cuplikan teks pidato ing ngisor iki!*

Mangga kita sedaya sami ngaturaken puji syukur wonten ngarsa dalem Allah SWT ingkang sampun nglimpahaken kanikmatan saingga kita sedaya saged ngempal wonten mriki kanthi lancar lan mboten wonten alangan satunggal menapa.

Perangane pidato ing dhuwur diarani

- A. Wasana (panutup)
- B. surasa
- C. purwaka (pambuka)
- D. wigatine

II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki nagnggo wangsulan kang bener!

17. Agus : “Nuwun sewu Pak, kula badhe nyuwun ...”

Pak Budi : “Arep takon apa Gus?”

Tembung kang bener kanggo ngganepi ukara ing dhuwur yaiku

18. Wacanen cerita ing ngisor iki!

Bima lunga menyang Surabaya. Wis suwe Bima pengin menyang Surabaya. Ibune janji yen bijine apik arep dijak menyang Surabaya. Unggah-unggahan kelas 6 iki Bima juwara loro ing kelase.

Paragraph kang idhe pokoke manggon ing ukara lekasan (wiwitan) diarani paragraph

19. Mendhung peteng ing praupane Sodin banjur owah dadi udan brebel-brebel, mbrebes mili.

Tembung owah dadi udan tegese

20. Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!

Ngopeni Banyu Sumber Panguripan

Banyu mujudake sumber panguripan. Makhluh sing urip ora bisa urip tanpa banyu. Banyu sing dibutuhake banyu sing resik. Banyu kang bebas polusi. Nanging saiki banyu lan kali wis akeh sing asat amarga wit-witan sing nandon banyu wis entek ditegori. Banyu kali ya wis kena polusi amarga kanggo buwangan uwuh lan limbah omahan uga limbah pabrik.

Banyu kali kang kebak uwuh lan limbah mili menyang segara, mulane segara dadi reged.

Supaya ora kekurangan banyu resik, ayo padha ngopeni sumber banyu kanthi nandur wit-witan ana ing sakiwa tengene sumber! Aja mbuwang uwuh lan limbah menyang kali! Mula saiki ayo bebarengan gumregah, ngopeni banyu minangka sumber panguripan.

Teks wacan ing dhuwur kalebu jenis wacan

21. Wacanen tembang macapat ing ngisor iki!

Mingkar mingkuring angkara

Akarana karenan mardhi siwi

Sinawung resmining kidung

Sinuba sinukarta

Mrih kretarta pakartining ngelmu luhung

Kang tumtrap ing tanah jawa

Agama ageming aji

Tembang ing dhuwur diarani tembang

22. “Yen wong tuwo kang rekasa amarga kakean anak podo karo kebo kabotan . . .

Tembang kang cocok kanggo njangkepi ukara ing ndhuwur yaiku

23. Wacanen tembang ing ngisor iki !

Bapak pucung, dudu watu dudu gunung

Sangkane ing sabrang

Ngon angone sang Bupati

Yen lumampah si pucung lambeyan grana

Cangkriman ing dhuwur batangane ...

24. Metode sesorah sing ngapalke lan ora nggawo teks diarani metode

25. Wacanen cuplikan teks pidato ing ngisor iki!

Kula kinten cekap semanten atur panguneg- uneg kula, mugio punapa ingkang sampun kula aturaken andhadhosaken suka reraning penggalih. Saklajengipun mbok menawi wonten tutur pangucap ingkang kirang mranani saestu kula nyuwun agunging pangaksami. Nuwun.

Perangane pidato ing dhuwur diarani

26. Wacanen teks crito ing ngisor iki kanthi pramati!

Ki Hajar Dewantara

Ki Hajar Dewantara miyos kala tanggal 2 Mei 1889. Asma timure Raden Mas Suwardi Surya ningrat Sesarengan kaliah Dokter Cipto Mangun kusumo saha Douwes Dekker, Ki Hajar Dewantara sengkut nggigah semangatipun bangsanipun murih sami gumregah mbudidaya uwal saking regemanipun penjajah

Miturut teks crito ing dhuwur, Ki Hajar Dewantara miyos kala tanggal 2 Mei 1889.

Miyos tegese

III. Pilih B yen pranyatan ing ngisor iki bener, pilih S yen pranyatan iki salah!

	Pranyatan-pranyatan	BENER	SALAH
27.	Cacahing wanda/jumlah suku kata saben sagatra/salarik diarani guru lagu		
28.	Titikane pariwara iku isine mamerake lan ngajak supaya dideleng, dituku, lang digunakake		
29.	“Nut jaman kapungkur tetep nyawiji”, ukara iki mujudake sasmitane tembang Gambuh		
30.	Ciri wanci lali ginawa mati kalebu saloka		
31.	Pakboletus batangane tepak kebo lelene satus		
32.	Sesorahe bapak menteri pendidikan marang poro kepala sekolah iku termasuk sesorah resmi.		

IV. Pasangna pasangane antarane kolom kiwa karo kolom tengen kang gumathuk!

33. Pasangna titikane teks informasi ing ngisor iki karo jenise teks informasi kang gumathuk!

	Titikane teks informasi	Jenis teks informasi
(i)	Isine ngajak lan ngelingake. (...) 	A. Teks pawarta
(ii)	Isine ngajak utawa narik kawigatene, lan ngyakinake sing maca. (...) 	B. Slogan/sesanti
(iii)	Isine sing lagi dadi bahan omongan masyarakat. (...) 	C. Teks persuasi
(iv)	Isine kanggo mamerake lan ngajak supaya dideleng, dituku, lan digunakake. (...) 	D. Pariwara/iklan

34. Cocokake unen-unen Bebasan ing kolom tengen karo tegese ing sisih kiwo kanthi mathuk!

(i)	Ungak-ungak pager arang (...) 	A. Nindakake pagawean kanthi ora duwe kamelikan apa-apa.
(ii)	Cincing-cincing meksa klebus (...) 	B. Duwe melik (pengin marang) bandhane liyan.
(iii)	Sadawa-dawane lurung isih dawa gurung. (...) 	C. Sing ngati-ati bakal slamet sing sembrana cilaka.
(iv)	Sepi ing pamrih rame ing gawe (...) 	D. Karepe ngirit, nanging malah entek akeh.
		E. Kabar iku mesthi sumebar adoh, lan adoh karo kanyatane.

35. Cocokake cangkriman ing kolom kiwa karo batangane ing sisih tengen kanthi mathuk!

(i)	Burnas kopen (...)			A. enem
(ii)	Gajah nguntal sangkrah (...)			B. pawonan
(iii)	Bosok malah enak (...)			C. bubur panas kokopen
(iv)	Urang sapikul matane piro ? (...)			D. wolu
				E. tape

36. Pasangna ukara ing sisih kiwo karo bagian sesorah ing sisih tengen!

(i)	Assalamualaikum Wr.Wb. (...)			A. Syukur
(ii)	Menolong korban bencana alam. (...)			B. Dudutan
(iii)	Wassalamualaikum wr.wb (...)			C. Isi Sesorah
(iv)	Mula ayo padha njaga resiko desa supados bebas penyakit (...)			D. Salam pembuka
				E. Salam panutup


V. Tariken jawaban marang pasangane sing cocok!

37. Jurang isi banyu, gumuk isi watu

38. Wit adhikih woh adhakah



39. Sing endhek didhudhuk, sing dhuwur diurug



40. Emboke wuda anake tapihan



41. Yen dijiwit atho biyung



Wit thoyung

rangsinyu, muksitu

semangka

bung

timbangan

42. Tariken Ukara jawa ing sisih kiwa marang kotak jawabane ing sisih tengen!

Keraton Ngayogyakarta Hadiningrat	ꦏꦼꦂꦠꦺꦤ꧀ꦤꦒꦪꦺꦴꦏꦺꦴꦲꦏꦂꦠꦲꦢꦶꦤꦶꦁꦂꦠ
Masku sikile lara	ꦩꦏꦱꦸꦱꦶꦏꦶꦭꦺꦭꦫ
Anak kebo arane gudel	ꦲꦤꦏꦏꦺꦧꦺꦴꦲꦂꦤꦺꦒꦸꦢꦺꦭ
Mangan sega tempe karo tahu	ꦩꦤꦁꦱꦺꦒꦺꦠꦺꦩꦺꦥꦏꦫꦺꦠꦸ

43. Urutane bagian pidato sing bener yaiku

1	Purwaka basa
2	Pangarep-arep
3	Surasa basa
4	Dudutan
5	Wasana basa
6	Salam panutup
7	Uluk salam

44. Titikane tembang macapat iku manggon ana ing guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu. Apa sing dimaksud karo guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu?

Guru lagu yaiku :

Guru Gatra Yaiku:

Guru Wilangan Yaiku :

45. Apa bedhane sesorah resmi karo ora resmi?